



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòme. Edike. Defann.

Evaliyasyon Eligibilite pou Edikasyon Espesyal

YON TI KOUT JE

Si ou kwè ke pitit ou gen yon handicap ki afekte siksè li nan lekòl, epi li bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis, ou gen dwa pou w mande pou lekòl la fè yon evaliyasyon pou detèmine si timoun nan kalifye pou sèvis sa yo. Evaliyasyon sa fèt san ou pa peye sen kòb. Pou w mande evaliyasyon sa, lekòl la dwe ekri w yon lèt pou mande w èske ou dako pou yo fè evaliyasyon an, oubyen poukisa yo pa panse ke yon evaliyasyon apopriye.

Bi evaliyasyon an

Anvan lekòl pitit ou a ansanm avèk ou decide si timoun nan bezwen edikasyon espesyal, timoun nan dwe resevwa yon evaliyasyon. Bi evaliyasyon sa se pou detèmine: (1) Si timoun nan gen yon andikap epi bezwen edikasyon espesyal avèk lòt sèvis, poutèt sa li bezwen edikasyon espesyal; (2) Si timoun nan kalifye, ki kalite edikasyon ak lòt sèvis li bezwen.

Kiyès ki ka mande yon evaliyasyon?

Yon paran oubyen yon pwofesyonèl lekòl ka mande yon evaliyasyon. Paran an dwe mande evaliyasyon an nan yon lèt, make date la, epi kenbe yon kopi. Nan do fèy enfòmasyon sa, wap jwenn yon egzanp lèt ou ka itilize pou w mande enfòmasyon.



Ki delè obligatwa ki genyen pou yon evaliyasyon?

Lè paran an oubyen moun ki responsab timoun an finn siyen pou evaliyasyon an, lekòl la dwe fè evaliyasyon an ak yon reyinyon pou detèmine si timoun nan kalifye pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis nan 45 jou lekòl oubyen nan 90 jou nan kalandriye a selon sa ki vini anvan an.

Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki la pou ede paran angaje yo nan edikasyon pitit yo.

SAMPLE PARENT LETTER TO REQUEST AN EVALUATION

Current date (Month, Day, Year) _____

Name, title, and address of person to whom you are giving request for evaluation

For example:

Ms. Susan Jones, Principal
George Washington Elementary School
1234 Green Street
Lewes, DE 19958

Update to the correct the name/address, complete the missing information in the body of the letter, add to or change the description of your concerns as needed, and then copy and paste your letter into an email or Word document to send to the appropriate school staff member(s).

Dear Ms. Jones,

I am requesting that my daughter/son (child's name), date of birth (child's birthdate), receive an educational evaluation because I believe that my child may be eligible to receive special education and related services under the Individuals with Disabilities Education Act (IDEA).

xxxx (child's name) is having difficulty keeping up with her/his class work and has had problems with reading ever since xxxx grade. Now a xxxx grader, I am concerned that he/ she is not making measurable progress and may need more instruction and support in school.

Please, know that xxxx (child's name) was diagnosed (if applicable) with xxxx.

Kindly, inform me as soon as possible if you have a "consent to evaluate" form that I must sign so that you may begin the evaluation.

I look forward to receiving a response to my request within 10 school days.

Further, let me know if you have any questions or need more information from me.

Thank you,

[Your signature]

Your printed name

[Your address]

[Street Address]

[City, State, Zip code]

[Your phone number(s) with area code] _____

[Your email address] _____

For more information visit www.picofdel.org or call (888) 547-4412



Office of Special Education Programs
U.S. Department of Education



PIC is a statewide non-profit organization with a mission to advance effective parent engagement in education.

Kisa kap pase si yon paran oubyen yon pwofesyonèl lekòl mande yon evaliyasyon?

Si Distri lekòl la resevwa yon demand pou yon evaliyasyon li dwe fè youn an sa yo:

1. **PROPOZE** pou fè evaliyasyon an, ekri paran an yon lèt ki bay yon deskripsyon evaliyasyon yo pwopoze a, enfòmè paran an poukisa Distri lekòl la ap evalye timoun nan, enfòmè paran an pwoteksyon li genyen, epi mande paran an si yo ka fè evaliyasyon an.

**Distri lekòl la pa k fè yon evaliyasyon san paran an pa di ke li dako*

2. **REFIZE** pou fè evaliyasyon an, ekri paran an yon lèt pou enfòmè paran an poukisa Distri lekòl la refize fè evaliyasyon an e poukisa li refize fèl, enfòmè paran ki pwoteksyon ke li genyen. Paran an ka decide pa dako refi Distri lekòl la pou li pa fè evaliyasyon an, lap bezwen mande yon medyasyon oubyen yon odyans.

Kisa ki enkli nan yon evaliyasyon?

Yon evaliyasyon dwe gen ladan l enfòmasyon ke paran an bay, ak yon pakèt lot tès pou ranmase enfòmasyon:

- Tès fòmèl ak enfòmèl
- Sondaj
- Obzèvasyon
- Travay lekòl

Timoun nan dwe teste nan tout zòn ki gen rapò ak andikap yo sispèk li genyen an, kom egzanp:

Pawòl ak langaj	Andikap vizyèl
Andikap pou aprann	Andikap pou fonksyone
Entèlijans	Andikap vokasyonèl
Siksè akademik	Wè ak tande
Andikap emosyonèl ak sosyal	

Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki la pou ede paran pou angaje yo nan edikasyon pitit yo.